

REVNI SEKIRITE SIPLEMANTÈ (SSI) DWA AK RESPONSABILITE

DWA PA W

Ou gen dwa:

- Aplike gratis pou w resevwa benefis.
- Jwenn èd men Sekirite Sosyal pou w ranpli fòm aplikasyon yo, epi jwenn dokiman ou bezwen.
- Fè yon moun ede w avèk reklamasyon Revni Sekirite Siplemanntè w la (SSI) epi fè moun sa a ale avèk ou lè w ap vizite Administrasyon Sekirite Sosyal la (SSA).
- Fè yon avoka oubyen yon lòt moun ou chwazi reprezante w.
- Mande pou ou wè enfòmasyon ki nan dosye w.
- Pran yon lèt ki va di w kisa nou detèmine sou ki valè kòb ou ka resevwa, avèk kisa nou pral peye w.
- Ale nan kou d Apèl konsènan pi fò detèminasyon Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pran konsènan desizyon si w ka resevwa Revni Sekirite Siplemanntè (SSI), oubyen valè Revni Sekirite Siplemanntè a (SSI), si w pa ta dakò avèk detèminasyon nou an.
- Jwenn èd yon entèprèt, gratis, si w pa pale anglè ase pou w regle zafè w avèk nou.
- Chèche èd nan men Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pou w ka jwenn dosye medikal ou.

RESPONSABILITE PA W

Ou dwe di nou lè:

- Ou deplase oubyen ou chanje adrès.
- Ou mete nenpòt moun an plis nan kay ou oubyen ki kite kay ou.
- Revni w oubyen salè w chanje.
- Gen chanjman nan resous ou oubyen nan sa w posede.
- Ou resevwa èd pou kouvri depans ou fè pou w viv oubyen si ou resevwa kichòy nan men zanmi oswa fanmi.
- Mari w oubyen madanm ou oubyen nenpòt moun lakay ou mouri.
- Ou marye, separe oubyen divòse.
- Ou chanje non w.
- Ou vin elijib pou lòt benefis ak/oubyen peyman.
- Ou ap viv nan yon enstitisyon oubyen ou kite yon enstitisyon (tankou yon lopital, kay retrèt pou granmoun, prizon)
- Ou kite Ozetazini oubyen ou retounen Ozetazini.
- Ou se yon imigran yo te parene epi revni parenn ou chanje.
- Kondisyon la sante w amelyore, si w resevwa Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) akòz ou andikape oubyen w avèg.
- Ou pa kapab kenbe randevou ou genyen avèk biwo nou.

RAPÈL

- Si l vin enposib pou w dirije lajan w, ou dwe rapòte sa bay Sekirite Sosyal.
- Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pral bay sèvis entèprèt gratis lè w mande sa, pou w ka regle zafè Sekirite Sosyal ou. Silvouplè rele nou anvan, pou yon moun ki pale lang ou an kapab mete l a la dispoisyon w pou l ede w.
- Ou menm avèk reprezantan w lan dwe bay sèvis Sekirite Sosyal enfòmasyon ki egzat. Li pa bon pou w bay fo enfòmasyon volontèman lè w konnen enfòmasyon an fo.
- Ou dwe di Administrasyon Sekirite Sosyal tout kote ou te resevwa tretman medikal lè aplikasyon w nan baze sou yon andikap ou genyen.
- Jeneralman, ou gen 60 jou pou w fè Administasyon Sekirite Sosyal konnen si w vle ale nan kou d Apèl sou yon desizyon ou pa dakò.
- Nan ka ou ta mouri, yon manm fanmi an oubyen yon zanmi fèt pou avèti Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA).

Silvouplè Remake: Fèy sa a prezante yon panorama jeneral sou dwa ak responsabilite Revni Sekirite Siplemanè ou (SSI). Enfòmasyon ki ladann nan pa la pou kouvri tout pati lalwa a. Pou enfòmasyon espesifik sou ka pa w la, kontakte Sekirite Sosyal.

POU PLIS ENFÒMASYON

Silvouplè vizite oubyen ekri biwo Sekirite Sosyal, oubyen telefòn gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Ou kapab pale avèk yon reprezantan soti 7è a.m. rive 7è p.m. nan jou biznis. Nenpòt lè ou rele, pare nimewo Sekirite Sosyal ou.

Gen enfòmasyon anrejistre ansanm avèk sèvis ki disponib 24è sou 24, menm fen semèn ak jou konje.

Si w gen yon machin TELEENPRIMÈ “TTY”, ou kapab rele nimewo TELEENPRIMÈ “TTY” gratis nou an, **1-800-325-0778**, soti 7è a.m rive 7è p.m.

Nou trete tout apèl konfidansyèlman – swa yo fèt nan nimewo gratis nou yo oubyen nan youn nan biwo lokal nou yo. Nou vle asire ou resevwa enfòmasyon ki egzat epi sèvis ak koutwazi. Se rezon sa a ki fè nou gen yon lòt reprezantan Sekirite Sosyal k’ap sipèvize tout kout fil k’ap antre epi tout kout fil k’ap sòti.

Ou kapab vizite paj elektwonik nou sou **Entènèt:** <http://www.ssa.gov/> ak <http://www.ssa.gov/multilanguage>, pou lòt sijè ki gen rapò ak Revni Sekirite Siplemanè (SSI) ak Sekirite Sosyal.